

LIBÈTE KONDISYONEL IMANITE PREPARASYON

KISA LIBÈTE KONDISYONEL IMANITE YE?

Yo itilize Libète Kondisyonel Imanite pou aksepte yon moun ki otreman pa admisib Ozetazini pou yon peryòd tan tanporè akòz yon ijans (sa vle di, yon ijans medikal oswa lanmò nan fanmi an), yon rezon imanite ijan, oswa yon benefis piblik enpòtan (tankou temwaye nan yon tribinal ameriken). Se U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) ki akòde Libète Kondisyonel Imanite oswa pafwa Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontye (CBP).

KI MOUN KI KA APLIKE POU LIBÈTE KONDISYONEL IMANITE?

Nenpòt moun ka aplike pou tèt li oswa pou yon lòt moun ("benefisyè a"). Aplikan an dwe ranpli Fòm I-131 USCIS, Aplikasyon pou Dokiman Vwayaj. Yon "petisyonè" se yon moun ki ranpli fòm I-131 nan non yon lòt moun. Petisyonè an pa oblije rezidan Ozetazini oswa gen rapò ak benefisyè a. Gen yon frè ki asosye ak ranpli fòm I-131. Tout aplikan pou Libète Kondisyonel Imanite dwe soumèt Fòm I-134 tou, Affidavit pou Sipò. Anjeneral yo pa bay Libète Kondisyonel Imanite pou plis pase yon ane.

KI MOUN KI KA APLIKE POU LIBÈTE KONDISYONEL IMANITE?

Si wap chèche Libète Kondisyonel Imanite ki baze sou sante, prepare w pou sikyat ak enfimye yo wè w. BAJI kowòdone evalyasyon ak pwofesyonèl sante mantal yo. Prepare tou pou USCIS fè entèvyou ak nenpòt moun ki gen 10 lane oswa plis. Entèvyou sa yo long (jiska 5 èdtan). Yo ka kenbe w pou jou rive mwa apre pwosesis libète kondisyonel la. Prepare pou move kondisyon nan Pò Antre oswa estasyon Patwouy Fwontye yo. Pou egzanp, yo ka menòte w oswa pa bay aksè nan douch.

SIPÒ POU PRÈV POU LIBÈTE KONDISYONEL

Prèv ki sipòte yo montre pèsekisyon oswa vilnerabilite, tankou kondisyon sante fizik oswa mantal (yo) oswa lòt rezon konvenkan. Sa a ka gen ladan:

- dosye medikal
- rapò lapolis
- eksplikasyon detaye sou poukisa ou bezwen libète kondisyonel
- ak pou konbyen tan
- dokiman ki montre relasyon w si ou genyen
- fanmi nan peyi Etazini.
- prèv sitiasyon imigrasyon fanmi an
- nan peyi Etazini

Ou ta dwe genyen tou enfòmasyon sponso ou a (sòf si wap reprezante pwòp tèt ou), sa vle di moun (yo) oswa òganizasyon ki pral sipòte w finansyèman Ozetazini. Ou ka gen plis pase yon sponso. Sponso a pa oblije gen estati imigrasyon, men li pi bon pou mete prèv estati sponso a. Ou dwe bay prèv revni sponso ou a avèk:

- Deklarasyon labank,
- Taks, oswa
- Lèt travay

Yo ka refize w si ou pa gen yon sponso.

LIBÈTE KONDISYONEL IMANITE AK TIT 42

Tit 42 se yon lòd sante piblik ki pèmèt gouvènman ameriken an anpeche moun ki sou fwontye a antre nan peyi Etazini anvan yo ka aplike pou azil pou anpeche pwopagasyon COVID-19. Gen restriksyon Tit 42 atravè fwontye Etazini ak Kanada ak Meksik, ki anpeche anpil moun k ap chèche azil antre Ozetazini. Administrasyon Biden kontinye aplike Tit 42. Tit 42 mete restriksyon pou anpeche anpil moun antre Ozetazini, men gen kèk moun ki ka kalifye pou yon egzanpsyon. Libète kondisyonel imanite se youn nan kèk fason moun ki vilnerab k ap chèche azil yo ka antre Ozetazini sou fwontye sid la. Sepandan, DHS ak CBP te refize pifò aplikasyon pou libète kondisyonel imanite.

MOTIF KALIFIKASYON AK EGZANPSYON TIT 42

Tit 42 pa aplike pou timoun ki pa akonpaye yo. Genyen tou yon eksepsyon imanite. Tit 42 pa aplike pou moun vilnerab yo nan ka sekirite piblik, enterè imanite oswa sante piblik. Pa egzanp:

- Ijans medikal
- Risk pou danje iminan
- Manm "populasyon vilnerab yo," tankou moun LGBT yo.

Tout lòt moun sijè a Tit 42 jiska yon lòt avi.

Patisipe nan rankont Sipò Pou Azil Vityèl BAJI Chak De Semen ak ekip Legal BAJI a! Eskane kòd QR la oswa vin jwenn nou nan [HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/bajiasylumclinics). EMAIL Juharah@BAJI.org pou dat ak lè.

